# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि भारत क मेक इन इंडिया यात्रा में एगो नया अध्याय जुड़ि रहल बा। उहां के कहलीं कि आजु मेक इन इंडिया अउर मेक फॉर द वर्ल्ड क राष्ट्रीय लक्ष्य में एगो खास दिन हौ। उहां के गुजरात में टीडीएस लिथियम आयन बैटरी संयंत्र में हाईब्रिड बैटरी इलेक्ट्रोड के उत्पादन क सुभारम्भ कइले के बाद जनसभा के सम्बोधित करत रहलीं। प्रधानमंत्री कहलें कि ई मौका भारत अउर जापान के बिच्चे क मित्रता के नया आयाम देई।

***आज से भारत में बने इक्ट्रिक व्हीकल्स सौ देशों को एक्सपोर्ट किए जाएंगे। साथ ही आज हाइब्रिड बैटरी इलेक्ट्रोड मैन्युफैक्चरिंग भी स्टार्ट हो रही है।***

एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि आजु क दिन पर्यावरण अनुकूल परिवहन के क्षेत्र में एगो केन्द्र के रूप में उभरले अउर आत्मनिरभरता हासिल कइले क भारत के कोसिसन क बिसेस दिन हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ श्रम अउर सेवा योजन विभाग की ओरि से आयोजित रोजिगार महाकुंभ दुइ हजार पचीस क आजु लखनऊ में उद्घाटन कइलें। उहां के नया चयनित नौजवानन के नियुक्ति पत्र बंटलीं। मुख्यमंत्री श्रम विभाग क पोर्टल श्रम न्याय सेतु अउर औद्योगिक न्यायाधिकरण क वेबसाइट आ ई–कोर्ट पोर्टलो लांच कइलें।

येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार प्रदेस के अन्दर काम करे वाले नौजवानन के न्यूनतम वेतन क गारंटी देई। उहां के कहलीं कि प्रदेस में कउनहूं करमचारी क सोसण नाहीं होई। हर नौजवान बदे रोजिगार क गारंटी रही।

***उत्तर प्रदेश के अंदर स्वयं भी हम लोगों ने अपना स्वयं एक कार्पोरेशन हम गठित कर रहे हैं। युवाओं के लिए। कोई भी युवा जो यूपी के अंदर कार्य करेगा उसको न्यूनतम मजदूरी देने की गारंटी, न्यूनतम वेतन देने वाला राज्य बनेगा उत्तर प्रदेश।***

मुख्यमंत्री कहलें कि रोजिगार महाकुंभ में खाली नोकरये नाहीं मिली बलुक नया टेक्नोलॉजी क मांग के मोताबिक ट्रेनिंग अउर कोर्सो तय होई।

लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आजु से सुरू भइल रोजिगार महाकुंभ अट्ठाइस अगस्त ले चली। एहमें ऑन स्पॉट इंटरव्यू अउर प्लेसमेंट ड्राइव के जरिये पचास हजार से बेसी नौजवानन के नोकरी क मौका मिलले क ओम्मेद बा।

**********

राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आजु गोरखपुर के मदन मोहन मालवीय प्रोद्योगिकी विश्वविद्यालय क दसवां दीक्षांत समारोह क अध्यक्षता कइलिनि। येह दौरान उहां के एक्कइस मेधावियन के पैंतालीस गो स्वर्ण पदक दिहलिनि। दीक्षांत समारोह में चउदह सौ तिहत्तर छात्र–छात्रा लोगिन के डिगिरी अउर उपाधि दीहल गइल।

अपने सम्बोधन में राज्यपाल कहलिनि कि टेक्नोलॉजी के गांव, किसान अउर नौजवानन ले पहुंचावे के होई। उहां के विश्वविद्यालय की ओरि से एक से दुइ गांवन में आर्टिसिशियल इंटेलिजेंस–एआई लैब बनौलहू क सुझाव दिहलीं। येह मौका पर इसरो क अध्यक्ष डॉक्टर वी. नारायण विद्यार्थियन से अपीलि कइलें कि ऊ देस के विकसित देस बनवले में आपन जोगदान दें। कार्यक्रम में प्रदेस सरकार क कैबिनेट मंत्री डॉ. संजय निषाद अउर पॉवर ग्रिड कॉरपोरेशन ऑफ इंडिया क कार्यकारी निदेसक आ पुरातन छात्र युगेश दीक्षित के सथहीं कई गो अउरियो जानल–मानल अतिथियो सामिल भइलें।

**********

वित्त मंत्रालय नया सुरू कइल गइल एकीकृत पिनसिनि योजना–यूपीएस से राष्ट्रीय पिनसिनि प्रणाली–एनपीएस में एकमुस्त एकतरफा सामिल भइले क सुविधा सुरू कइले हौ। एगो आधिकारिक अधिसूचना के मोताबिक ई सुविधा यूपीएस धारकन के रिटायर भइले के एक बरिस पहिले चाहे अपने इच्छा से रिटायर भइले के तीनि महिन्ना पहिले उपलब्ध होई। एगो रिपोर्ट–

***सेवा से निष्कासन या अनुशासनात्मक कार्रवाई का सामना करने वाले कर्मचारी इस सुविधा के पात्र नहीं होंगे। एक बार एनपीएस का विकल्प चुन लेने पर कर्मचारी सुनिश्चित भुगतान सहित यूपीएस के लाभों के हकदार नहीं होंगे। यूपीएस से निकलते समय सरकार का चार प्रतिशत अंतर अंशदान कर्मचारी के एनपीएस कोष में जोड़ दिया जायेगा। इस कदम का उद्देश्य पेंशन लाभों को सुव्यवस्थित करना और लचीलापन प्रदान करना है। समाचार कक्ष से मैं हिमांशु कांडपाल।***

**********

प्रदेस के कई इलाकन में आजु हरितालिका तीजि मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर महिला लोग अपने पति के लमहर उमिरि क कामना करत निरजल उपवास पर हइनि। व्रती महिला भगवान शिव अउर माता पार्वती क पूजा–अर्चना कइ रहलि हइनि। हरितालिका तीजि पर अजोध्या क पवित्तर सरजू नदी में आजु ढेरि संख्या में सरधालु नहा के पूजा–पाठ कइलें। श्रावस्ती जिला में कजरी तीजि के तौर पर मसहूर येह तिउहार पर पांडवकालीन मंदिर में ढ़ेरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन कइलें। ओइजा कई जिलन से पहुंचल कांवड़िया भगवान शिव क जलाभिषेको कइलें।

**********